

## BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

### 5.1. Kacindekkan

Ieu panalungtikan ngadéskripsikeun ngeunaan métode *Image Streaming* dina pangajaran nulis sajak, nu dilakukeun ka siswa kelas VII-E di SMPN 2 Lembang taun ajaran 2018/2019. Hasil tina ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Kamampuh nulis sajak siswa saméméh ngagunakeun métode *Image Streaming* nuduhkeun rata-rata 57,56 tina kritéria penilaian kamampuh nulis sajak 70, anu hartina rata-rata siswa kagolong can mampu. Tina 34 siswa, peunteun siswa anu kawilang mampu nulis sajak aya 5 urang. Sedengkeun siswa anu kawilang can mampu aya 29 urang siswa, ku sabab can nyumponan kana kritéria anu geus ditangtukeun. Upama diperséntasekeun, tina 34 siswa anu mampu nulis sajak nya éta 15%, sedengkeun anu can mampu nulis sajak nya éta 85%. Tina unggal aspék saméméh ngagunakeun métode *Image Streaming*, kamampuh nulis sajak siswa dina aspék kasaluyuan téma jeung eusi, kakuatan imajinasi jeung karapihan tulisan, kaasup katégori cukup. Sedengkeun dina aspék diksi (pilihan kecap), jeung éjahan, kaasup katégori kurang.

Kamampuh nulis sajak siswa sabada ngagunakeun métode *Image Streaming* nuduhkeun rata-rata 72,88 tina kritéria penilaian kamampuh nulis sajak 70, anu hartina rata-rata siswa kagolong mampu. Tina 34 siswa, peunteun siswa anu kawilang mampu nulis sajak aya 28 urang. Sedengkeun siswa anu kawilang can mampu aya 6 urang, ku sabab can nyumponan kana kritéria anu geus ditangtukeun. Upama diperséntasekeun, tina 34 siswa anu mampu nulis sajak nya éta 82%, sedengkeun siswa anu can mampu nulis sajak nya éta 18%. Tina unggal aspékna sabada ngagunakeun métode *Image Streaming*, kamampuh nulis sajak siswa dina aspék kasaluyuan téma jeung eusi, kakuatan imajinasi, jeung karapihan tulisan, kaasup katégori alus. Sedengkeun dina aspék diksi (pilihan kecap) jeung éjahan kaasup katégori cukup.

Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis sajak siswa kelas VII-E SMPN 2 Lembang saméméh jeung sabada ngagunakeun métode *Image Streaming*. Ieu dibuktikeun ku hasil uji hipotésis anu nuduhkeun nilai *Asymp. Sig.*

(2-tailed) leuwih leutik ti 0,05. Ku kituna, métodé *Image Streaming* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak siswa kelas VII-E SMPN 2 Lembang taun ajaran 2018/2019.

## 5.2. Implikasi

Ieu panalungtikan nuduhkeun yén pangajaran nulis sajak ngagunakeun métode *Image Streaming* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak siswa. Siswa mampuh ngokolakeun informasi kalawan nguatkeun dorongan internal nu datang ti diri sorangan. Ieu métode bisa ngarojong siswa sangkan mampuh ngamekarkeun ide nu aya di dirina, ti mimiti nangtukeun kecap konci jeung nyieun skétsa tulisan nepi ka jadi kalimah-kalimah. Guru perlu ngagunakeun métode nu bisa ngarojong siswa sangkan ngamunculkeun ide kréatif nu aya dina diri siswa. Salasahiji métode nu bisa digunakeun nya éta ieu métode *Image Streaming*.

## 5.3. Rékomendasi

Sabada ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan larapna métode *Image Streaming* dina pangajaran nulis sajak di kelas VII-E SMPN 2 Lembang taun ajaran 2018/2019, aya sababaraha rékomendasi nu baris ditepikeun, nya éta

- a. Pikeun pangajaran nulis hususna dina pangajaran nulis sajak, perlu ngagunakeun variasi pangajaran anu bisa ngarojong. Métode *Image Streaming* mangrupa salasahiji métode nu bisa ngarojong siswa dina pangajaran nulis hususna dina nulis sajak, ieu hal bisa dititénan tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun ku panalungtik jeung panalungtik saacanna.
- b. Pangajaran kalawan ngagunakeun métode pangajaran nu inovatif miboga peran penting dina prosés diajar. Namung, perlu dilakukeun sababaraha évaluasi, boh tina segi nataharkeun pangajaran atawa prak-prakan pangajaranana. Ku kituna, panalungtik kudu leuwih sayaga jeung leuwih asak deui dina nataharkeun atawa ngarancang prak-prakan pangajaran ngagunakeun métode *Image Streaming*.
- c. Nilik kana sababaraha panalungtikan saméméhna jeung ieu panalungtikan, geus aya sababaraha panalungtikan ngeunaan métode *Image Streaming*

ngagunakeun métode panalungtikan kuasi ékspérimén. Pikeun ka hareupna, perlu dilaksanakeun ngagunakeun métode panalungtikan atawa desain panalungtikan lianna. Ieu dilakukeun pikeun ngeuyeuban sarta nguatan deui *efektifitas* metode *Image Streaming* dina pangajaran.